# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**«Спорттың кураш түри бойынша Сурхандәрья ўәлаяты Термиз қаласында өткерилген "Пахлавон" профессионал спорт клубының Республика ашық чемпионатына қатнасып қайтқан спортшыларға хызмет сапары қәрежетлери менен тәмийинлеў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы ПҚ-3031-санлы қарары ҳәм 2019-жыл 19-март күнги "Жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде мәдения, санаат, спорт, информация технологиялары, китап оқыўға қызығыўын асырыў бойынша әҳмийетли 5 басламасын әмелге асырыў ҳаққында"ғы баянламасында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшы-жасларын дене тәрбия ҳәм спорт пенен турақлы шуғылландырыў, спортқа болған қызығыўшылықларын асырыў ҳәм Өзбекстан кураш федерациясы Қарақалпақстан Республикасы бөлиминиң 2021-жыл 12-февраль күнги 19-санлы хатын басшылыққа алып

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан кураш федерациясы Қарақалпақстан Республикасы бөлиминиң 2021-жыл 12-февраль күнги 19-санлы хаты инабатқа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

2021-жыл 6-7-февраль күнлери аралығында Сурхандәрья ўәлаяты Термиз қаласында спорттың кураш түри бойынша 2005-2011-жыллары туўылған жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында өткерилген "Пахлавон" профессионал спорт клубының Республика ашық чемпионаты спорт жарысына Қарақалпақстан Республикасы атынан қатнасып қайтқан 16 спортшы, 1 тренер жәми 17 адамның жарысқа барып қайтқандағы жол ҳақы қәрежетлери, аўқатланыўы, жолдағы аўқатланыўы ҳәм жатақ жайы ушын жумсалған қәрежетлери менен тәмийинлеў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман.

**Тийкары:** Өзбекстан кураш федерациясы Қарақалпақстан Республикасы бөлиминиң 2021-жыл 12-февраль күнги 19-санлы хаты.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «15» Февраль
№ 42